Chiverengo(Enumerator)

Zvirengo inzwi rinoshandiswa kudaidza manzwi eChiShona anoburitsa pfungwa yekuverenga tichikoshesa kubuditsa uwandu wechizita chirikutsangangurwa chacho sokuti:

Mumwe murume akarohwa nezuro.
Chinhunyi chakabiwa chacho?

Maumbirwo echiverengo.
Chiverengo chakaumbwa nechivakashure
chechiverengo + dzitsi rechiverengo
sokuti.
chi- + -mwe chingwa chimwe
chi- + -i chii?

Madzitsi echiverengo Chiverengo chine madzitsi matatu anoti:

a) -mwe Kubuditsa pfungwa yechinhu chimwechete
   sokuti:
   i) Akaonekwa kamwe naJohn.
   ii) Nhasi ndadya bhanzi rimwe.
b) – mwe Kutsaura pane zvimwe zvinhu
   sokuti:
   i) Vamwe varume ndivo vamurova.
   ii) Mumwe musi ndichakurova chete ukaramba uchidai.
c) -i VeChimanyika vanoshandisa -nyi
   Kubvunza rudzi kana mhando yechinhu chirikutaurwa nezvacho
   sokuti:
   i) Mwananyi wabarwa?
   ii) ii) Arikurwara nechii?